ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№202 (21.110) ● 2007 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Президентым Къэрал Советым и зэІущІэм щолажьэ

Кьанокьуэ Арсен хэтащ Къэрал Советым Уфа къалэм щригъэжьэкІа зэІущІэм. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэм щІэту абы кърихьэлІахэр хэпльащ щІыналъэхэм я экономикэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ УФ-м и субъектхэм я къэрал властым и органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, инвестицэхэр къызэщІэгъэуІуным и льэныкьуэкІэ абыхэм зэфІагъэкІхэм.

Абы къыдэкІуэу, нэхъ апэкІэ зэрыраГъэблагъэуэ щытам тету, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр адрей щІыналъэхэм я унафэщІхэм ящыгъуу хэтащ Башкортостаныр Урысейм зэрыхьхьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъур щагъэлъапІэ гуфІэгъуэхэм.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-�ІуэхущІапІэ.

Къалэн лъапІэм ехъулІэн папщІэ

● ГуфІэгъуэ зэхьхьэ

КъБКъУ-р ильэс 50 зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ зэІущІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокьуэ Арсен къыщипсэльэр



ГуфІэгъуэ зэІущІэм къыщопсальэ КъБР-м и Кьанокьуэ Арсен.

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

ПщІэ зыхухэсІ хьэщІхэх!

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор щІэныгъэлІ Парламентым, Правительствэм я цІэкІэ, си щхьэкІэ сэ къызбгъэдэкІыу а Іуэху гуфІэгъуэмкІэ профессорхэм, егъэджакІуэхэм, университетым и лэжьакІуэ, студент псоми сынывэхъуэхьуну.

Ильэс 75-кІэ уэсІэбэкІыкмэ, республикэм къыщыуэрагъэпэщауэ щыта апэ еджапІэ нэхъыщхьэм къытепщІыкІыжа къэрал университетым и къекІуэкІыкІар, абы и зэтеувэжкІэр къыгуэхыпІэ имыІэу пыщІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм. А ильэс жыжьэхэм социально-экономикэ къыкІэрыхьуныгъэм къикІыным и мызакъуэу, республикэм кыпэщытт егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ къызэрыкІэрыхуам къикІыну. Абы и льэныкьуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ еджапІэ нэхъыщхьэм и фІыщІэр бгъэкІуэд хъунукъым - кыпэщыта къалэн гугъум ар нэгъэсауэ пэлъэщащ. Кьыпэхъэмыльытэным хуэдизщ жылагъуэ зыужьыныгъэм пыщІауэ екІуэкІ Іуэхухэр джыныкмкІэ, ди цІыхухэм я щІэныгъэмрэ зэхэщІыкІымрэ кьэІэтынымкІэ абы иригъэкІуэкІа лэжьыгъэшхэм и мыкьэнэр.

Къэрал университетым и лэжьакІуэ гупым какІуа гъуэгуанэм уэхэплъэжмэ, щэч кьытумыхьэу жьпІэ ильэс жыжьэхэм социально-экономикэ къыкІэрыхьуныгъэм къикІыным и мызакъуэу, республикэм кыпэщытт егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ къызэрыкІэрыхуам къикІыну. Абы и льэныкьуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ еджапІэ нэхъыщхьэм и фІыщІэр. Экономикэр, социальнэ Іэнатіэр, къэралыр зехьэныкмкІэ системэр е жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэр къапщтэмэ, республикэм и дежкІэ нэхъ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ1апІэу е Іэнатіэу зыри бгъэуэтынукъым университетым кыщІэкІа Іэщ1агъэлІэхэр щымылажьэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, КъБКъУ-м щеджакъэр щолажьэ ди Хэку иным и щІыналъэ къудям. Сэ шэч кьытесхьэркъым абыхэм ящыщ дэтхэнэми езым и еджапІэр фІыкІэ игу кьызэрыкІыжым.

Къэрал университетыр ипэжьыпІэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и Іэнатіэм и пашэщ, ар Урысейм университет жыпхъэм ит и еджапІэхэм ящыщу нэхъыфІхэм хабжэ. Мыбы и1эщ идкырей зэманым къезэгъ мыльку-техникэ лъабжьэ. Университетым щолажьэ зи лэжьыгъэмрэ ехъулІэныгъэхэмрэ къэрал псом кьыщалъыта щІэныгъэлІу, егъэджакІуэ гъуэзэджэу гупышхуэ. Университетым Урысей Федерацэм нэхъ щІэупщІэзиІэ Іэщ1агъэлІ гуп нэхъыщхьэхэм хихьыдэжэр щрагъаджэ. КъБКъУ-м щолажьэ Іэщ1агъэ 19-м ятеуухуа кандидат, доктор дисертацэхэр щыпхагъэкІ совету 11.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хагъэхьэну кандидатхэр къагъэлъэгъуэн папщІэ Ипщэ федералнэ округым щрагъэкІуэкІыну конференцым и делегатхэр республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щыхахыну зэхуэсыр гъэхьэзырыпымкІэ лэжьакІуэ гупым и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къищта Унафэ №713-П

«Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и Іуэхукі» Федералнэ законым и 8 статьям ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым **унафэ ещІ:**

1. Лэжьакіуэ гуп къыззэгъэпэщын, мы кьыкІэльыкІуэхэр хэту:

Іэпщэ Заур Борис и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, цыхухэр хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІыр

Беппаев Суфиян Узеир и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм зегъэужьыным цыхухэм и хуитныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм жэуап зыхь и секретарыр, балъкъэр льэпкъым и «Алан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Берд Хьэзрэталий Александр и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэр

Бештокъуэ Беслъэн Хьэмидбий и къуэр - «Зыуэ щыт Урысейм и Гвардие Ныбжьыщ1э» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ штабым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Бобылев Валентин Николай и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и православнэ члисэхэм я Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Вэрокьуэ Владимир Хьэлид и къуэр - Щэнхабзэмкіэ урысей фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэр, «Налшык» ОРТК» ОАО-м и генералнэ директорыр *(зэгурыІуауэ)*

Канунников Анатолий Данил и къуэр - урыс щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ я «Вечё» зэгухьэныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Каньшин Александр Николай и къуэр - Іэщэкіэ Зэщіэуэзда Кьарухэм кьыхэкІыка офицерхэм я льэпкъ ассоциацэхэм (МЕГАПИР) я директорхэм я советым и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Любуня Николай Григорий и къуэр - Тэрч-Балъкъ къэзакъ округым и атаманыр *(зэгурыІуауэ)*

Пщыхьэщ1э Анас Мусэ и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусльымэнхэм я Іуэхущ1апІэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Тау Пщыкьан КІэс и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Хьэфіыц1э Мухьэмэд Мусэбий и къуэр - «Адыгэ псальэ» газетым и редактор нэхъыщхьэр, «Къэбэрдей Адыгэ Хасэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Черкесов Георгий Маштай и къуэр - «Пенсионерхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Шабаев Левий Меир и къуэр - Налшык къалэм и бгырыс журт жылагъуэм и раввиныр (зэгурыІуауэ)

Шевченкэ Максим Леонард и къуэр - «Смысл» журналым и редактор нэхъыщхьэр, «РФ фегупсыс» программэр зыгъэхьэзырыр икІи езыгъэкІуэкІыр *(зэгурыІуауэ)*

Шыхьэбахьуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэр - Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ З эщІэуэзда Кьарухэм, хабзэхьэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Шорэ Раисэ Чэрэан и пхьур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цыхубзхэм я союзым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ).*

2. Лэжьакіуэ гупым хуэгъэувын Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хагъэхьэну кандидатхэр къагъэльэгъуэн папщІэ Ипщэ федералнэ округым щрагъэкІуэкІыну конференцым и делегатхэр республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щыхахыну зэхуэсыр гъэхьэзырынымкІи икІи егъэкІуэкІыным щыІэ хабзэхэм тету къызэригъэпэщыну.

3. Мы Унафэр цыхубзэ щыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къыщытедзэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

ДУНЕЙМ ИХЬЫЖЬ

УщІэщынэм щыІэкъым

Тхьэмахуэ махуэ блокІам и пщыхьэщхьэм УФ-м и Президент Путин Владимир Германием кІуащ.

Ар гуапэу иригъэблагъащ а къэралым и канцлер Меркель Ангелэ. Унафэщ1кІэр тепсэлыхьащ Іуэху куэдизкІэ. Абы хэм ящыщщ льэныкьуэ куэдкІэ зэдэлэжьэным, Кьуэкіыпі Гъунэгъум щыщІэ щытыкІэм, американ ПРОхэр Чехиемрэ Польшэмрэ я щІыналъэхэм щыкагъэшэну зэрамурадым пыщІахэр, нэгъуэщІхэри.

Мы зэІущІэм мыхьэнэшхуэ иІэу кьалытэ.

Нэгъуэщ1 зы Іуэхуи кьыкъуэкІащ. Путин Владимир кІуэнущ Тегеран щекІуэкІыну зэІущІэм. Ауэ УФ-м и кьаруэхьэ Іуэхущ1апІэхэм ящыщ зым хьыбар кьыІэрыхьащ, террористхэм ар яукІыну загъэхьэзыр хуэдэу. Дыгъуасэ псом абы теухуауэ хьыбар зэмылІэужьыгъэхэр кьатащ. Ауэ нуужьыІэ Жаб1ащ абы и льэныкьуэкІэ шынагъуэ гуэри зэрыщымыІэр.

Президентым фепсальэ

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м сыхьэт 12-м Урысейм и Президент Путин Владимир жуэап яритыныр сым и деж телефонкІэ псальэхэм.

Фызэрыпсэльэну номерыр: 8-800-200-40-40-рщ. Операторхэм кьыхахынущ нэхъ мыхьэнэ ин зиІэ уэрэдхэр.

Ауэ а пІалъэ кьэмысуи фызэрыпэйтей Іуэхухэм иджыпстуи фыщІэупщІэ хъунущ а номер дыдэмкІэ.

ЖаІа пэтми...

Москва и гъунэгъу щІыналъэхэм уэс щІыпІ къызэрыщесымрэ синоптикхэм жаІат. Анхуэдизу хьэщ. ауэ ахэр абы хэмыхьэзыру къыщІэкІащ.

Уэсыр Іуву щызэтрихьащ Москва областым щыщ Можайскэ, Истринскэ куейхэм, нэгъуэщІ щІыпІхэм. Смоленск областым и жылагъуэхэу 500-м щигъу пІалъэкІэ уэздыгъэншэу щытащ.

Днепропетровск щощыгъуэ

Украинэм и нэхъ къалэщхьэхэм ящыщ Днепропетровск уиІэ къыщызэтещэхащ, газ къыхьащ.

А пасыпынщагъэм щІыху 14 хэкІуэдащ. Абыхэм ящыщ зыбжанэ дыгъуасэ щІалъхьащ.

ЗобгъэдокІыж

Франджым и президент Саркозэ Николаерэ абы и щхьэгъусэ Сесилиерэ эбгъэдокІыж.

Ахэр ихъыпэмэ зэхэІэзэхьэжу екІуэкІащ, ауэ иджы зэхэІыпа хуэдэщ.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆ **Ерыскьыпхэм и дунейпсо махуэщ.** Льэпкъ Зэгухэм я Организацэм Ерыскьыпхэмрэ мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и зэгухьэныгъэм и унафэкІэ ягъэльапІэ ар кьыщызэрагъэпэща махуэр (1945 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м).

Дунейпсо щІыбзэр гъыблэм, къулейсызыгъэм пэщІэтыным хухахащ.

◆ Ильэс 40 и пэкІэ (1967) Брюссель кьыщызэІуахащ НАТО-м и штаб-фэтэр.

◆ Ильэс 45-рэ и пэкІэ (1962) лэжьэн щІидзащ «Юность» радиостанцым.

◆ Финн-угор лъэпкъхэм я махуэхэщ (жэпуэгъуэм и 16 - 22-хэр).

◆ Жэпуэгъуэм и 16 - щэкІэгъуэм и 3-хэм Париж щекІуэкІынущ ЮНЕСКО-м и Генералнэ конференцым и 34-нэ сессиер.

◆ Тегеран щекІуэкІынущ Каспий тенджызым и Іуфэм Іус къэралхэм я Лыщхьэхэм я зэІущІэ.

◆ Жэпуэгъуэм и 16 - 18-хэм Москва щекІуэкІынущ урологэм я XI зэІущІэр.

◆ 1991 гъэм Налшык щекІуэкІащ КъБР-м и льэпкъхэм я нэхъыжьхэм я зэІущІэ.

◆ 1917 гъэм къалъхуащ тхакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор Кьардэн Бубэ.

◆ 1955 гъэм къалъхуащ журналист, филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Тымыжь Хьэмышэ.

◆ **Дыгъэ къыщІэкІащ сыхьэт 7-рэ дакьикьэ 24-м, къуэхьэжынущ сыхьэт 18-рэ дакьикьэ 22-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 10-рэ дакьикьэ 58-рэ.**

Ліэныгъэр зыльэгъэзыгъэр ШАЛ М хьэмэдщ.

Лъэпкъ Іуущигъэ:

Зызыгъэгусэ Іыхьэншэщ.

Къэнахэр гуэзвэгъуэншэ ирехъу!

КъБР-м и Парламентым и депутат цІыхубзкэр - «Зыуэ щыт Урысей» фракцэм щыщкэр - мы хьэщэхэз цІыкІуитІым ящІэупщІауэ щытащ 2005 гъэм и льэпкъ щІэныгъэм щызэхащІыхьащ.

А гуэзвэгъуэр зэуэлІахэм ящыщщ зи гугъу тщІы хьыджэбз цІыкІуитІри. Шыкъ Диана илъэсищ ирикъуэ къудейт абы и анэ, Налшык и ОВД-3-м и лэжьакІуэ Къэшэж Элинэ щыхэкІуэдам. Боевикхэм ябудауэ милицэм и отделенэр щаІыгъа жэщым нэху щыху стІол щІагъэм зигъэпщкІуауэ щІэсым хуей хъуащ Кугъуэт Ларисэ. Абы и хъыджэбзыр, Радэ зысфІащар, пщэдджыжьым дунейм кьытехьащ.

А цІыкІухэм я деж, хабзэ яхуэхъуауэ, депутатхэр гъэ къэс макІуэ. Диана иджы къицІыхьужащ Джэш Фатіимэ, Пекъу Светланэ, Шал Любовь, адрейхэри икІи абыхэм кьыхуэхьа тхьилъ гъэщІэрэщІахэм, ешым хуэдизыбзэ хъу гуащэм, адрей тыгъэхэм щыгуфІыкІащ. Радэ иджыри абы нэсакъым, ауэ абыи икьукІэ фІэгъэщІегъуэнщ гуащэ зэмылІэужьыгъуэхэри, щыгъын цІууГъэнэри, апхуэдэу икьукІэ фІэфІщ пхъэщхьэмыщцхьэ зэхпльыхьахэр. Мы псапэщІэ Іуэхур кьыззэгъэпэща депутатхэми, «Букинист», «Sefa» ТыкуэнхэмрэІ лэжьакІуэу мыбы зи мыльку кьыхэзыІпхьахэми, хьыджэбз цІыкІуитІым я Іыхьлыхэми я хъуэпсапІэр зыщ - а цІыкІухэм дяпэкІэ зэи гуэзвэгъуэ кьемыуэлІэныщ.

МЭЗ Иринэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэдзыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2008 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 342-рэ кІэнлейкІэ 84-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ цыятедзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Адыгэхэр Европарламентым щохьэщІэ

АДЫГЕЙ. *Европэм и Адыгэ Хасэмрэ Европарламентым и депутат адыгэ щІалэ Одэмыр (УнащІэ) Джемрэ къызэрагъэпэщ «Адыгэ щэнхабзэм и махуэ» зэхуэсыр Брюссель къалэм нобэ щокІуэкІ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр адыгэхэм я щэнхабзэр Европэм щыпсэуэм щрагъэІуэхуныр.*

ЯпэкІэ зэхэщІэхэм Европарламентым и унэм зыщалтыхьынущ, адыгэхэм я льакІуэхэр парламентым и депутатхэм яІуэхэщ, ди лъэпкъым теуухуа тхылъхэр абы и библиотекэм тыгъэхуащІынущ, адыгэ ныпыр иратынущ Европарламентым и унафэщІым.

Апхуэдэуи зэхуэсым щагъэлъэгъуэнущ адыгэхэм я теуухуа кинофильм, Европарламентым и депутатхэм я пащхьэ ди лЫкІуэхэр кьыщыпсэлъэнущ. Пресс-конференц нэужьым зэхуэсыр адыгэ джэгукІэ нухьнущ.

Пенсионерхэм къащхьэщокІ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Къэрэшей-Шэрджэсым Щыхухэм захъумэжьыныкмкІэ и советым ерыскъыхькІэм я уасэм зэрыхэхуэм къыкъыкІуэу республикэм и пенсионерхэм къыщыхьыжьу республикэм и правительствэм и унэм деж пэкІу щриІэкІуэкІащ.*

СОВЕТЫМ хэтхэм къыхагъэщащ республикэм и цІыхухэм, посм хуэмыдэу пенсионерхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныр щІыпІэ властым къызэрыфІэмыІуэхур.

- Ерыскъым и уасэм щІыхьхьэхэр щхьэусыгъуэ щыІакъым. Ар къызыхэкІар апхуэдэ ныкъуэсаныгъэхэр къэмыгъэхьэныем телъжьэну зи къалэн властым иапэ зэримыІэмрэ хьэрычэтыщІэхэр я жып зэрагъэхуэбэным зэрыщІэгупсыс зэпытымрэщ.

ЖКХ-м къыщеКІуэкІ Іуэхугъуэ зэІумыбзхэм, ахъшэкІэ зэрахъуэкІа льготэхэм, ерыскъым и уасэр зэрыхэхуэным пенсионерхэр щытыкІэ гуэгъум ирагъэуващ, щІыхухэм я псэукІэр екІакІуэ зэпытщ, - жиІащ КъШР-м ЦІыхухэм захъумэжьымкІэ и советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Бурулев Дмитрий.

Тыркум макІуэ

АБХЪАЗ. *Республикэм и Президентым и пресс-ІуэхущІапІэм къызэритымкІэ, Бзэрэщ Сергей экзэкъуэм и 17-м лэжьысыз Іуэхукіэ Тыркум кІуэщ.*

ТЫРКУМ зэрыщІэну тхьэмахуэм къриубыдэу Абхъазым и Унафэщ1ыр Истамбыл щаІуэщІэнущ абы щыпсэу и льэпкъэгъуэм. Иужьк1э ар щыхьэщІэнущ Анкарэ, Сакарие щІыпІэм щыІэ Йенлек куейм. Апхуэдэуи Бэгъэщщ Сергей яхуэзэнущ Кавказ Ищхьэрэм икІауэ абы щыпсэу льэпкъхэм я лІыкІуэхэм.

Республикэм и Унафэщ1ым ахэр щыгъуазэ ищІынущ Абхъазым щыщІэ политикэ, экономикэ щытыкІхэм, цІыкІуэм я псэукІэм, нэгъуэщІхэми. Жэпуэгъуэм и 24-м Бэгъэщщ Сергей Сыхъум кьигъэзэжынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● КъБКъУ-р илъэс 50 ирокъу

Къалэн лъапIэм ехъулIэн папщIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КIэщIу жыпIэмэ, уэрэдым кьыгъэрыхэщым хуэдэу, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетыр нобэ «егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я нурыу».

Ныбжьыгъу лъапIэхэ!

Юбилейр щхьэусыгъуэфIщ блэкIам ухэпльэжьыр папщIэ, ауэ ар сэбэнщ къэкIуэнум уи гупэр хуэбгъэзэн, зэфIэгъэкIынкIи хуей Iуэхухэр бубзыхун щхьэжьи. Абы идкьыпсту мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ профессиональнэ щIэныгъэм и куэдгъэкIэмрэ нэрылъагъуэ къиIэтыну кьыпэщыпщ. КъБКъУ-м екъгъуэв. Апхуэдэ Iуэхуэ епльыкIэм дэтхэнэ елэжьрэ тетын зэрыхуейр гурыIуэгъуэщ, ауэ ди университетым и дежкIэ ар кьалэн хэхащ, сыту жыпIэмэ абы и щIэри бдзэ зэфIэкIхэр кьызэрыхуэгъэзэбэныгурри зэлъытар аращ.

Зы льэныкъуэкIэ кьапщтэмэ, абы и щхьэусыгъуэщ къэралым и политикэ кьызэгъэпэщыкIэм зэрызихьэжам, экономикэ зэхуэцытыкIэхэр щIэуэ зэрызэтрагъэувэжьым кьыхэкIыу, апхуэдэ льхьэнэм сбэп пылъу Iуэхур езыхьжьыфын IэщIагъэлIэхэр уимыIэу зэрымыхьунур.

Мыдрейуэ, дяпэкIэ школыр къэзыухыну ныбжьыщIэхэм я зэхэщIыкIкIэ, щIэныгъэкIэ, зыхущIэкъуну Iэщ IагъэхэмкIэ захьуэжьынущ. Апхуэдэ щIалэгъуалэ ди университетым щеджэну кьыхахын папщIэ, абы и лэжькIэмрэ егъэджэкIэмрэ нэрылъагъуу къиIэтыну кьыпэщыпщ. КъБКъУ-м екъгъэув. Апхуэдэ Iуэху епльыкIэм дэтхэнэ елэжьрэ тетын зэрыхуейр гурыIуэгъуэщ, ауэ ди университетым и дежкIэ ар кьалэн хэхащ, сыту жыпIэмэ абы и щIэри бдзэ зэфIэкIхэр кьызэрыхуэгъэзэбэныгурри зэлъытар аращ.

Ахъшэ саугъэтри

Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр кьэрал университетыр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 50 зэрырикъуэм и щIыхькIэ жэпуэгъуэм и 9-10-эм студентхэр зэхьэзэхуащ футбол, баскетбол, волейбол, нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэхэмкIи. КьищынэмыщIауэ, факультет кьэс езыхэм я олимпиадэ ирагъэкIуэкIащ. Зэпеуэхэм щытекIуа студентхэр жэпуэгъуэм и 11-м университетым и пэшыщхуэм щагъэльэпIащ.

ЗэIуЩIэр кьыз эIуихащ КъБКъУ-м и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий.**

- Си гуапэу псоми сыныбохьуэхьу республикэм и яп- еджапIэ нэхьыщхьэр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 75-рэ, ар классическэ университет зэрыкъуэ илъэс 50 зэрырикъумкIэ. Мы бжыгьэхэм, мыхьэнэшхуэ яIэщ - республикэм еджапIэ нэхьыщхьэ зэрыщащхуэм Iэмал кьыдитащ къэралыр зыхуэныкьуэ IэщагъэлIэхэр ижь-ижьык лъандэрэ мыбы щыпсэу льэпкъхэм ящыщу ягъэхьэзырынымкIэ. А зэманым щыпсэу къэралым щыщ щытыкIэр къэпльытэмэ, ар ехьулIэныгъэшхуэт. 1929 гъэм республикэм щIэныгъэ нэхьыщхьэ иIэу исар зы адыгэ закьуэщ, балькъэрхэм апхуэдэ кьащыхэкIар зэман куэд дэкIа иужьщ.

Нобэ, шэ ч хэмылъу, нэгъуэщI льэхьэнщ. Махуэ кьэсэ зэрырагъджэ щыIкIэр йофIакIуэ. Сэ си фIыщ мэхъу дэтхэнэ зыми гъащIэм кьыщыфхуэсэбэныну щIэныгъэ университетым зэрыщывгъуэтынур, - захуигъэзащ студентхэм ректорым.

Зэхьэзэхуэхэм щытекIуахэм Къарэмырзэм ираттащ дипломхэр, ахъшэ саугъэтхэр, тыгъэ лъапIэхэр. Апхуэдэу зыхэта зэпеуэхэм пашэ щыхьуащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кьудамэм и еплIанэ курсым щеджэхэу Жырыкъ Иринэ, Сатушы Елизаветэ, Шыкъ Маринэ сымэ.

ТекIуахэр гъэтхэпIэнхэр зэфIэкIа нэужь, пэшым щIэсхэр IэгуауэзыхуэкIэ пэджэжащ ректорым ящIа унафэм. Абы ипкъ иткIэ, КъБКъУ-р илъэс 50 зэрырикъум и щIыхькIэ университетым махуэкIэ щеджэ студент псоми сом 900, колледжхэм щIэсхэм сом 315-рэ ираттынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сыхьэтибгъу хъуху увыIакъым

КъБКъУ-р илъэс 50 зэрырикъум ехьэлIа нэгугъуэжь зыхьэхэр щыщхьэщыщIэ щекIуэкIащ университет бжьыгъэм.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 9-м пшыхьыр кьызэIуихащ «Iэгуауэ пыкъу- уэрэджьыIакIуэ гупым. ГуфIэгъуэ пшыхьыр кьызэзыгъэпэщахэм абы кьекIуэлIакIэм я нэгу зрагъэужьащ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ. Абы- хэм щытекIуахэм джанэ зыриз ираттащ «КъБКъУ-р илъэс 50 иракъуащ» жиIэу тету. АджIэ пшыхьым пащащ уэрэджьыIакIуэ ныбжьыщIэхэу КъхъуIуфэ Виталий, Байчекуевэ Сандэ, Катиевэ Дианэ, Чэт Ахьмэд, Дрогуэ Альберт сымэ.

Мы "вагъуэщIэхэм- етIуанэ пщыхьэщхьэмэ утыкур ягъэбжьыфIащ. Пшыхьым кьеблэгъэ уэрэджьыIакIуэ Тэнащ Анзор щеджа КъБКъУ-м уэрэдкIэ ехьэухъуащ. Зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыIащ.

Нэхъ хьэлэмэт хъуар ещанэ пщыхьэщхьэрат - еджакIуэхэр лъэпкъхэм я шхьныгъуэхэмкIэ зэпеуащ. КъБКъУм и бжьыгъэм щегъэувэкIат ерыскьыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зытез Iэнэ кIыхьышхуэхэр. Хуейр абыхэм бгъэдыхьэуэрэ ерыскьым хэIэбэну хуитт. Адэкlэ пшыхьым ем кьыпащащ адыгэ джэгу зэпеуэхэм: щIалэхэр зэрагъэбэнащ, кIапсэкIэ зэпеIаэщ. Педколледжым кьигъэтIысагъуэ гущэхэпхэ махуэшхуэр зэрекIуэкIыр.

Адыгэ Республикэм кьинкIа «Нарт- кьэфакIуэ гупыр пшыхьым кьрихьэIатаи, абыхэми гуапэу яIущащ, я щIэкIэ Iэжьу яублащ.

- Дэ ящэу Къэбэрдей-Балькъэрым дыкъанIуэу ащ, - жиIащ гупым и гъэсакIуэ Шагудж Казбек. - Ди гуапэщ мыпхуэдэ гуфIэгъуэм дыкъыхэзыриихьэIар икIи ар вдэтIысгьыну, дыпывэхьэхъуну дыхуейщ. Зэкъуэшыгъэр уасэншэщ, ар зэдэтIысгьыфу, дызэрыщIэу, дызэрыпытэгъу Iкъэм куэдрэ дызэкъуфIэт.

ЗэпеуэкIэ, уэрэдкIэ, гушыIэкIэ сыхьэтибгъу хъуху увыIакъым.

Махуищкlэ екIуэжа зэIущIэкIэр джэгукIэ зэкъащIыжащ.

ДЫГУЛЫГЪУ Дисэ.

Къуэшхэм я хъуэхъу

кIэлъызефхьам, фыкьызэрыддэIэпыкъуам папщIэ. Ди президент Кадыров Рамзани кьыбгъэдэкIыу фIыщIэ псалъи саугъэтти кьыфхуэсхьащ, - жиIащ абы.

Апхуэдэу хъуэхъу жаIащ Дон Iуфэ Iус Ростов дэт техническэ университетым, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей, Дагъыстэн къэрал университетхэм, Кьалмыкыым, Новгород, Томск кьалэхэм, нэгъуэщIхэми я еджапIэ нэхьыщхьэхэм я лыкIуэхэми.

Урысейм и мызакъуэу, Иорданиеми, Сириеми, Тыркуми, Германиеми кьикIри хъэщIэхэр кьекIуэлIат мы зэIущIэм. Псалъэ гуапэкIэ Къарэмырзэм зыкьыхуигъэзащ Анкара дэт «Кафдер» фондым и тхьэмадэ Агъашэ Мухьэдин:

- Тыркум щыпсэу адыгэхэм я сэлам гуапэ кьыфхуэсхьащ. Догуфlэ, догушхуэ адэжь щIналъэм и екъулIэныгъэхэм, и еджапIэ нэхьыщхьэм апхуэдэ пщIэ зэрилъэм, увыпIэ льагъэ зэригъэтам папщIэ. Дэри ди адыгэбзэм зэрызиужьыным, ди сабийхэм я анэдэлъхубзэр зэращIэным дыхущIокъу, адыгэбзэм и диалект псори щадж еджапIэхэр диIэщ. Тыркум щыпсэу адыгэ тхакIуэхэм я тхьалъ ыбжьанэ кьыфхуэсхьащ. Идджыри тхылъ 300-м нэс хьэзыру щылъщ кьыфхуедгъэхьыну.

Хьэрыпи кьэралхэм щыщ хьэщIэхэм я псалъэм кьыхэщащ абы кьикIыу КъБКъУм щеджакъэм Iэщагъэфl зэрагъэтягъ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Кьанокъуэ Арсен, Бечелов Ильяс, Абыдэ Ахьмэд сымэ тхьэелъэIупIэ унэхэр кьызэIуах.

ТхьэелъэIупIэ унэхэр

●Хъыбарыфl

Каменкэ жылагъуэм дэт тезырхэр щагъэзэкIуэж Iуэхущапl№ 1-м щэбэт кIуам кьыщызэIуахащ муслъымэн, христэн динхэр зезыхьэхэм я тхьэелъэIупIэ унэхэр. Дэтхэнэми цIыху 50 зыщIэхуэ мэжджытымрэ члисэмрэ я унэхэр зэбгъурытщ, зыхуэфащэ хьэщIыпхэмкIи кьызэгъэпэщащ, я бжэIупэхэр зэщIэкъуащ, удз гъагъэхэр щыгъэтIысащ.

ТХЬЭЕЛЪЭIУПIЭ унэхэр кьыщызэIуахым хэтащ КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен.** Лентl плыжьыр зэпаупIа иужь, республикэ унафэщIым ухуэнныгъэхэр кьыз эпIалъыхьащ икIи пэшхэр зэрызэщIэкъуар гунэс щыхьащ.

- Мыр Iуэхуфlщ, псом хуэмыдэу ар сэбэнщ щыIагъуэм пэIэщIэу зи тезырхэр зыгъэзэкIуэжхэм я дежкIэ. Экономикэр ефIакIуэ къудейкIэ ехьулIэныгъэ уиIэнукъым, псэ кьулегъэр абы щымыгъуэмэ. ИкIи фIыщIэ хуэщIыпхьащ мэжджытымрэ члисэмрэ колонием щыхуэныр зи жэр дэмJФСИН-м и унафэщIым, абы мыльку хэзыльхьа администрацэм, - жиIащ Кьанокъуэ Арсен.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м кьэхъуа гуауэщхуэр кьрикIуащ диным теуха щIэныгъэ щIыхубзэм зэрабгъэзэпмыльым. Абы щыгъуэ бзаджащIэхэр зытеуа хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм ящыщщ Урысейм тезырхэр ирегъэхьэкIыныжкIи и федеральнэ Iуэхущапlэм и управленэуэ КъБР-м щыIэр. ЦIыху мамыр псори зыгъэпIейтея я Iуэхугъуэ гуауэм кьрикIуэхэмрэ ар кьызыэхэкIа щхьэусыгъуэмрэ зэпилъытри, Iуэхущапlэм и унафэщI Абыдэ Ахьмэд тхьелъэIупIэ унэхэр ухуэныр кьызэхихьащ, икIи зэман кIэщIым зэрабгъэзэуащ. Абы трагъэхIуэда мылькур спонсорхэм кьабгъэдэкIащ, колонием и лэжьакIуэхэми я зы махуэ лэжьапщIэ халъхьащ. Абы дэм хьэщIэхэр щыгъуазэ зэрищIамкIэ, тутнакъхэм хуащI гульытэр, я узынщагъэм зэрыкIэльыплъыр нэхьри ирагъэфIакIуэ. Абы и щыхьэтIу кьигъэльэгъуащ жьэн уз зыпкьрытхэр куэдкIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар.

Адэкlэ республикэм и Президентым щыгъуазэ зищIащ тутнакъэщым щIыгъэкIэр кьызэрызэгъэпэщам, зригъэльэгъуащ я пщэфIапIэр.

Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ республикэм щIэ управленэм хабзэм ебэкуэкар щыIэ щыгъуэмэ у бгъдэкIа, тутнакъхэр лэжьыгъэкIэ кьызэрызэрагъэпэщыным яужь итщ. Мэкъумэшым, Iэщ гъэхъуным йолэжь икIи хьер кьыпах. Апхуэдэуи пкъым елэжь, щыгъыпхэр, тепIэнщIэлъынхэр щад Iэнатlэхэри яIэщ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

●Махуэшхуэр

НэщIикIыж хьидыр

Хабзэфl зэрыхъуащи, хьид махуэшхуэхэр Iэтауэ щагъэльапIэ Налшык дэт мэджжытышхуэм. Мэрем кIуам мыльдежьм щыIэзэхуэсат щыгъын дахэкIэ хуэпа, зи нэгуэхэм гуфIэгъуэ нур кьрих цIыхуищхэр, Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым, Правительствэм я лыкIуэхэр, муслъымэн Iуэхущапlэм и унафэщIхэр.

- НОБЭНэщIикIыж хьидщ, муслъымэн псоми ди махуэшхуэщ, - жеIэ Муслъымэнхэм я Iуэхущапlэм и унафэщI Пщыхьэщlэ Iэнас. - Ди гуфIэгъуэр кьыддаIэтыну кьытхуеблэгъащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым и Администрацэм и УнафэщI Къэжэр Альберт, республикэм щалэгъуалэ, жылагъуэ Iуэхуэхмкlэ и къэрал комитетым и унафэщI Пащты Борис, Щэнахбэзмрэ цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iэмалхэмкlэ министерствэм и кьудамэм и унафэщI Гергоков Джамболэт сымэ. Хьуэхьу телеграммэхэр кьытхуагъэхьащ ди гъунэгъу республикэхэм я дин Iуэхущапlэхэм, область, край, политикэ партэзыбжанэм я Iэтащхьэхэм...

Пщыхьэщр кIэщIу, купщIафIэу топсэльыхь муслъымэнм и кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ нэщIыр зищIысым, абы пыщIа Iуэхугъуэ инхэм, Тхьэм кьыпигъакIуэ фIыгъэшхуэхэм. ИтIанэ, кьызэхуэсахэм захуегъазэри, Къэжэр Альберт кьоджэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен республикэм и муслъымэнхэм кьаззрехьуэхъуа псалъэ гуапэхэр зэрыт тхыгъэм, сыри мэхъуаххъуэ дэтхэмэ муслъымэнм кьинэщIари кьабгъыл хьуну, ди щIналъэм гуфIэгъуэ, зэгурыIуэ, нэмыс, насыпэ куэду щыIэну.

Адэкlэ кьэхъуар куэдым ягъэщIэгъуащ, гуапи ящыхъуащ: махуэшхуэ нэмэзым щыщIидзэм, Къэжэрыр, нэмэз зыщIхэм яхуэзыри, муслъымэн хабзэ лъапIэр тэмэму ядигъэзэщIащ. Мы Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ зыбжанэм кьалытащ ар нэщэнфIу, къэралымрэ динымрэ я зэпыщIынгъэр дяпэкIэ нэхъри быдэ икIи дахэ зэрыхьуну щIидзыну.

Махуэшхуэ хъутIбэм щIадзэ. Пщыхьэщlэм дерс хъарзынэхэр итащ динымрэ гъащIэмрэ, муслъымэнымрэ щIыхугъэмрэ, гушIэгъуэмрэ нэмысымрэ я хэкIпIэхэм, я Iэужьхъэм теухуааэ.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

«Урысейм и патриотхэр» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм финанс Iуэхуэхмкlэ и уполномоченнэ лыкIуэр гъэлъэгъуэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м Налшык къалэ №6/2

Финанс Iуэхуэхмкlэ уполномоченнэ лыкIуэр тхыным хэзгъэзауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и деж къагъэхьа документхэм хэлпъуэу, «Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къарал Думэм и депутатхэр хэхьыным и Iуэхукlэ» Федеральнэ Законым и 26-нэ статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ щIу**:

1. «Урысейм и патриотхэр» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм финанс Iуэхуэхмкlэ и уполномоченнэ лыкIуэ Абазокъуэ Аслъэн Сультан и кьуэр гъэлъэгъуэн.

2. Мы Унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм кьыщытедзэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ирин э

«Урысейм и патриотхэр» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм хэхьныгъэмкlэ и счет щхьэхуэр къызэIуахыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м Налшык къалэ №6/3

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къарал Думэм и депутатхэр хэхьным и Iуэхукlэ» Федеральнэ Законым и 65-нэ статьям ипкъ иткIэ икIи «Урысейм и патриотхэр» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм кьита документхэм тету, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ щIу**:

1. Хэхьныгъэмкlэ фондыр щызэхуихьэсын папщIэ «Урысейм и патриотхэр» политикэ партым и щIыналъэ къудамэр хуит щыIн хэхьныгъэмкlэ счет щызэхуэ Урысейм и Хъумапlэ банк ОАО-м и Къэбэрдей-Балькъэр Iуэхущапlэ №8631-м, 360005, КъБР, Налшык къалэ, Хъураным и уэрам, 9 хэщIапIэм щыIэм кьызыщIэIуихыну.

2. Мы Унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм кьыщытедзэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ирин э

Усакlуэ уахътыншэ

●Фэеплъ

Урыс усакlуэшхуэ Лермонтов Михаил и фэеплъыр ди кьалэм кьызэрыщызэIуахрэ куэд щакьым, ауэ а щIыпIэр цIыху кIуапIэ хъуащ.

ДЫГЪУАСЭ налшыкдэсхэр а фэеплъым деж щызэхуэсащ усакlуэр кьызыщалъхуа махуэр ягъэльэпIэну.

ЗэIущIэр кьызэIуихащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министр Тут Заур. Кьызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Тхакlуэхэм я союзым и унафэщI Созаев Ахьмэт, усакlуэхэу Ащкъан Руслан, Кьагъырмэс Борис, композитор ХьэIупэ Джэбрэил, художник Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, щIэныгъэлIхэу, тхакlуэхэу Бакlуу Хьанджэрийрэ Опрышкэ Олегрэ.

Лермонтовым и усэхэм кьеджащ Къэбэрдей-Балькъэрым и артист цIэрыIуэр.

КъэпсэльаэхэР кьытеувыIащ Лермонтовым ди хэкур фIыуэ и илъагъуу зэрыщытам, и тхыгъэхэм щыщ куэдыр Кавказым зэрытеухуам, усакlуэшхуэм и тхыгъэхэм адыгэхэм пщIэ зэрыхуащIым, абыхэм щыщ куэди ди бзэкIэ зэрызэрадзэкIам.

ЗэIущIэм хэтахэм фэеплъым удз гъэгъахэр трагъэхьащ.

ТОХЪТЭМЫЩ Ланэ.

ТхакIуэ, щIэныгъэмI, зауэмI

Къардэн Бубэ къэзэрэлъхурэ нобэ илъэс 90 ирокIу

Къардэн Бубэ и кIалэмыпэм къыщIэкIащ ди литературэм и фыпIэкъм хабжэ художенствэ тхыгъэ купщIафIэ куэд - гъащIэмрэ зэманымрэ я пэжагъэ ЩIэныгъэ гъащIа повестхэр, рассказхэр, адыгэбзэм и зэхэтыкIэм, и ухэкIэм, и хабзэхэм теухуа къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр - абыхэм жыжьэ щагъэIуащ тхакIуэ гъэзэджэм, дэ бзэм и къэухтакIуэ гъэзэджэм и цIэр.

Къардэн Бубэ Мащыкъ и къуэр ДыгулыбгъэкI ныжаем 1917 гъэм кIыщыдалъхуащ, абы курыт-гъэмафIэр кIыщIыхъа пэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым щеджащ - урысыбзэмрэ литературэмкIэ кIудамэм. Ар кIынуха кIудейуэ Хэку зауэшхуэм щIидзэри, «фронт хахуэм и гъуэгуанэ кIыхьыр нкIуащ ротэм, батальоным я Iэтащхьэ. Зауэм щызэриухуа лIыгъэм папщIэ майор Къардэн Бубэ кьратащ орден, медаль IыпIэ зыбжанэ - «Къарууэ Пэтыжь», «Хэку зауэшхуэ», «Вагъуэ Пэтыжь», нэгъуэщIхэри.

Зауэ нэужьым, 1945 гъэм щIыщIэдзауэ, Къардэн Бубэ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым и егъэджакIуэ (урысыбзэмкIэ), абы иديректоруи кафедрэм и унафэщIуи лэжьащ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор щыта.

1954 гъэм Къардэн Бубэ Къэбэрдей-Балъкъэр и ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэ къуалыкъуэ кIыхьагъэфащэри, нэгъэсакIуэ IэнатIэм пэрыувэжащ. Бубэ 1988 гъэм накьыгъэ мазэм и 17-м дунейм екIуащ.

Къардэн Бубэ, псом япэрауэ, адыгэбзэм и Iуэхугъуэхэр кууэ къэзыхуэ и ныдэлъфыгъэ зэрэзэрыщIэ 1957 гъэм Москва кIыщыдэкIа «Урыс-къэбэрдей», «Къэбэрдей-урыс» псалъалъхэр - абыхэм я мыхьэнэр яджыри кьэх ныхь ящIыжа, Къэбэрдей-урыс зэ мыхьэнэмрэ ди дыдэщ Къардэн Бубэ и фразеологие псалъэлъхэри адыгэбзэм и грамматикэм и Iуэхугъуэ шихьжуэхэр щIыкIэ-ныкIыкIэ зэрэри.

БзэщIэныгъэм щIиэ фIыщIэм нэхьрэ нэхъ мащIэкъым Къардэн Бубэ ди литературэм и тхыдэм кьыщIыщIыс гъэпсыкIэ. Бубэ адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ Лермонтов Михаил «Ди зэманым и лIыхъужь», Шолохов Михаил и «ЩIыщIэ къэзэрэ» романхэр, нэгъуэщI урыс тхакIуэхэм я тхыгъэхэр.

Зи фIыщIэ стелъ щIыху телъыджэ

Гукъэкlыжхэм щыщщ

ЗИ НЫБЖЬЫР нобэ илъэс хьщIым, блыщIым щIигъуэкIэр школхэм дыщIэст Къардэн Бубэ адыгэ щэнхабзэм, литературэм хуэлажьэу щыщIидзам щыгъуэ. Ди анэдэлъфыбзэкIэ ятха художественнэ произведенэхэр зэрымащIэм кьыхэкIыу (мащIэнтэкъэ - зыгуэр щхьэусыгъэкIыну дифа тхакIуэхэм я нэ хьыбзэр зауэм и гъэм кIыну быдэ илъэс бзаджэхэм щыгъуэ езы парт «дыщэм» зэтриукIэжат, мыдрейхэмэ я кьалэмыр зауэм, я лIыщIихат е хэкIуэдат), щIэлэр дыщэрыгаГъаджэ, дагъэдж тхыгъэхэр нэгъуэщIыбзэкIэ зятхэхэм кьыхэхьи хуей хьурт. Арати, «Бэм и гъэ» зыфIэщыу кьелахэмрэ зауэм кьыкIыкхэмрэ лъэпкъ щэнхабзэр, щIэныгъэр кьэзэтыпIыным псэемыблэжу евэлIат. Мис абыхэм ящыщт Къардэн Бубэ. Хэку зауэшхуэр щыщIидзэну гъэм ди институтым кьэзыхуахуэ щыта, ауэ сытми кьнуха кьудей мыхъу, щIэныгъэ кIуэ зэзыгъэгъуэта а адыгэ щIалэмрэ адэхэр гъуэтыгъуэит а лъэхъэнэм. Дыгулыбгъуей кьыдэкIа щIалэм, и адыгэбзэм зэрыхуэ?Iэ-рыхъэм хуэдэу, урысыбзэрэ зригъэщIат. Дауи, арат абы фIыуэ кьыщIекъуIар урысыбзэм кьырихыу художенствэ произведенэхэр Iэкlуэльадэу адыгэбзэм кьиригъэтIысIэну.

Пэжщ, а лэжьыгъэм Бубэ нэхъыбэу зыщIипщIатар зауэ нэужь илъэсэращ. Къардэнир пIыхьужьу зауэм хэтауэ жыпIэ хъунущ. И Iуэху кьыз зэрекIуэкIам, и зауэ гъэуэгуанэм теухуауэ Бубэ езым и Iэкlэ ихтыжьам итщ абы орден нэхъ лъапIэ дыдэхэм щыщу тху, медалуитIущ иIауэ, Лэжьыгъэм кьыщIихьа е хIэлIэныгъэхэм папщIи кьыхуагъэфащауэ щытащ «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» дамыгъэ лъапIэри.

Бубэ езыр лIы цыкIут, инрэ надэу жьыуIэм хуэмыдэу, цIыкIуэр быдзэжьи ящыгъ, ар хуэдиз лIыхъужьыбзэгъэ дамыгъэ кьызыхэхьыдыкI дыгъуасэрей сэлэт хахуэм нобэ ятхьи игъуэтынтэкъэ? Ауэ Къардэныи е зыпхъуэ зауэм хэтауэ жыпIэ Iэпкъльэпкъ пщыкIутIыр цIыхухэмщI художенствэ тхыгъэхэм гъуэгу щаритар нэхъ иужькIэщ. Зэкlэ абы нэгъуэщI Iуэхуэт кьиринхуэр: щIэбзэгъэ гъэджэным екъэлIа лэжьыгъэм гъуни нэзи имыIэ? Iу хуэдэт шк оIхэм зэрыщIагъэджэну тхылъхэр зэхэлъхьэн, а тхылъхэм традзэну тхыгъэхэр кьыхэгъэтIылIэну хуейт. А зэманым апхуэдэ зэрэдзкIэ, щIэныгъэрэ Iэзагъэрэ зыбгъэдэлъ адыгэлIу щыIэр ящIэ. Арат щыIэ ПIэмыжьэ яльэкI кьыщIамыгъанэр. Зауэм ипсыхъа, гугъуехькIи шынагъуэкIи кьыпхуимыкIу этIын Къардэн Бубэ абы щIидзэ зэрыгъэлэжьыным кьыриубыдэу лэжьыгъэхуэдэ дамыгъэр кьызыхэхьыдыкI дыгъуасэрей сэлэт хахуэм нобэ ятхьи игъуэтынтэкъэ? Ауэ Къардэныи е зыпхъуэ зауэм хэтауэ жыпIэ щIэныгъэ - Iэпкъльэпкъ пщыкIутIыр цIыхухэмщI художенствэ тхыгъэхэм гъуэгу щаритар нэхъ иужькIэщ. Зэкlэ абы нэгъуэщI Iуэхуэт кьиринхуэр: щIэбзэгъэ гъэджэным екъэлIа лэжьыгъэм гъуни нэзи имыIэ? Iу хуэдэт шк оIхэм зэрыщIагъэджэну тхылъхэр зэхэлъхьэн, а тхылъхэм традзэну тхыгъэхэр кьыхэгъэтIылIэну хуейт. С ар сэ, ди седэкIыбгъэкIыу, си адэм колхозым щыхуэтх трудоденэхэр купщIэ зэрымылъ дамыгъэдэт. Си кьуэшыр рабочэ, «Абы ихьжь» тIэкIурэт унагъэуэр зыкIуэсыр. Пэжщ, сэ абыхэм шихьн щыхьэкIэ сыдагъэлIыхьыну хьунтэкъым Мэкъуу. Ди унагъуэм исхэмрэ си егъэджакIуэфIу си ныбжьэгъуфIхэмрэ щыIэ, зи ахьрэтыр нэхъ Тхьэм ищIын Кушмэн Серафимэрэт «Iэ дышхэу уэ ерыскьыным я утыщIинкьым» жызыIэу сытеыгъэгъуэхуэу сезыгъэзэрыр. Ауэ абыхэм сыткIэ ягу кьэкIынт Шхьэлъэкъуэ школым щыщIэсыным папщIи кьэзэхьхьэн, а тхылъхэм традзэну тхыгъэхэр кьызыгъэтIылIэну хуейт. А зэманым апхуэдэ зэрэдзкI, щIэныгъэрэ Iэзагъэрэ зыбгъэдэлъ адыгэлIу щыIэр ящIэ. Арат щыIэ ПIэмыжьэ яльэкI кьыщIамыгъанэр. Зауэм ипсыхъа, гугъуехькIи шынагъуэкIи кьыпхуимыкIу этIын Къардэн Бубэ абы щIидзэ зэрыгъэлэжьыным кьыриубыдэу лэжьыгъэхуэдэ дамыгъэр кьызыхэхьыдыкI дыгъуасэрей сэлэт хахуэм нобэ ятхьи игъуэтынтэкъэ? Ауэ Къардэныи е зыпхъуэ зауэм щIидзэ щыIэ, зи ахьрэтыр нэхъ Тхьэм ищIын Кушмэн Серафимэрэт «Iэ дышхэу уэ ерыскьыным я утыщIинкьым» жызыIэу сытеыгъэгъуэхуэу сезыгъэзэрыр. Сыкьуэт-сыкьуэмейкIи кьызэрыкIуэ Iуэхуэт щыIэ, ауэ ар сэрэкI? Бубэ зэрыгъэтIылIэну, дыгъуасэрей командирым, майор Къардэным и пащхьэм «сыкьыIу» сохуэ. Сэлам-чэлам нэужьым, си Iуэху зыIутым кьыщIэупщIати, абы жэрэ сухуэмыгъэ сызэхьIыжауэ сызыщIыдзэ, пшэрэ зей Корольков я кьыщIохьэж. Мо тIум кIэщIу сэлам зэрэхри, Бубэ сэ кьызоIуа - си жэуапым поплъ.

- Щагъуэкьым, - жызоIэри, си щIхьэр изохьэх.

- Сыту?

- Мыбы сыщIедэжнукьым.

- Ауэ зауэщIемыдзэнур?

Кlэлъадорым сыкьыщIэжкIэм, блыным фIэлъ спискэм сепльати, слъэгъауэ щагъэтIысхьа сту дентэм уащыщу. Кьэхъуар сыту?

- «ЩIы» кьэсхьащ.

- СытымкIэ?

- Урысыбзэ тхэныжмкIэ.

- Уэ лIыжь, а жьыхуэ зопIэр уIэзэ гъэрыкьи уэ, ЩIхьэлъыкьуэ? Уэрыкьи мыбы ящы» кьыщIопхуэхьажмэ, - Бубэ кьыпногуфIыкI, сэ си щIхьэр кьызэрыхсуэмыIэтщ.

- Емыкьу сыкьыщымыIэ, ауэ, уэ хэт ухьуну? - кьытхопсэлъыхь Людмилэ Ивановнэ.

- Сэ мыбы сриязэгъэщ, - жери кьыхсуопIтщI - НашышкьыкIащ. Сыт мы щIалэм кьыхсурирэгъэкIуэкIэр?

- Кьыхъ уэгъэгъу, кхъыIэ, ауэ мы уи хэкуэгъэр щIалэ жыIэ - мыщIуэщ. ФIыуэ вгъэсакьым... Мыбы урисыт хуэну уэ? - зи узри си лажьэрэ кIуэдын Корольковым сызыгъэгъэльэпIэ. -Жьлэм жьуэмыгъэтыр кьыжьхьIащ дуней псом дыщIыхэпIыжьыкIэ кьаэхтыщIыкI студент 25-27-м ящыщ хуэащи, дыпэмыльэщу тфIыщIопхуэжьэ. Мес, и тхьыпхэр стрикьыкIащ - жеIэри, дуней ванымиль си тхьилъхэмкIэ мапIлъэ. Бубэ, зыри жимыIэу, мэлэбзыр тылъымпIэхэр кьещIэ. Сыкьуей-сыкьуэмейкIи кьызэмыуплщыкьхэу:

- Мыбы гушыIэр, ауанир фIэфIщ. И япэ уэсэр зыпгъуэхуари аращ. КьывдзэгушыIэуэ аращ. - жиIэу тхылъымпIэхэр щIыкIэ кьыгъэтIылIэжьащ.

- Уэлэхьи, сымыгушыIа! - жызоIэ сыгъуэмтIымэу. Ауэ си псальэхэр зыри кьримыдзэу;

- Мыри «обласэм ящыщ? -жеIэ, кьоIэфэри рецензэ ныкьуэдзкIэ сIех. Абы кьеджа нэужь: -УрысыбзэмкIэ уIэзэм и мызэкьым, мыбы зэритхьажкIи, нэхь усакIуэ хъэзырщ, уклассикщ уэ! - жеIэри ари кьызэзыхсам иретыж.

Сэ абы сыпэпсэльэжьыфIкьаж.

- Фи жагъуэ кьыщIамэ, емыкIу кьыхуэмыщIи. Уи жьыIуэ, фIыуэ тхэгъэзасакьым - дыкьыанэгъэщ. Ауэ мыр фи студенту ябыщ. Сэ ди республик зи и Тхакlуэхэм я союзым, мыр ефжакIуэ кьэзыгъэкIуам сриунафэщIщ. - Бубэ цIыкIубзэм зыкьрегъэщIыкьу.

- Тхьэм уафэм укьыгъэтурилдзыхат! И чэзу дыдэу! И тхылъхэр ирихьэжьэр ежьжьам?, мыр дэнэт кьыздэтхьыкьыну? НасипыщIэ? Кьыдахьуащ уэ! - зы фIыгъуэ гуэр ешам кьеехьуIа нэхьей. Людмилэ Ивановнэ дуней гуфIэгъэгъэ иIэу сэ кьызэопIь. Бубэрэ абыр?э сэлам гуаПэ зэрэхьжри, дэ тIур дыкьыщIокIыж.

Кьызэуцуе у, кьызэгъиуцу щIедзэ:

- УлIкъэ уэ, зиунагъу эрэ, апхуэдизу? - жеIэу уарэжьеIар сыт?

- СщыгъынкIи сшхынкIи сыхуэщIакьым, - жысIэу сытхьэ уэсхьэу кьыщIоцIэгъажьэм?

- Гупсысэ, псалъэ, зыпIпхьэж, тIыс, жи. ПщIэнм уемыгупсысауэ ухэльадзэм, иужькIэ зызыхущIегъэьэн блэжьынырэ бетэмалщ. Мо фи Людмилэ Ивановнэ зыжьжьиIауэ, уи насыпым кьрихьэкIыу, жылэм яку эмыгъуэт еджапIэм ущIэхъарэ пэткIэ, абы сыщIеджэнукьым жыхьэупIар жIо? Сыт нанэр?ну удыщхьэкIыфIащ.

- Абы иджыпстау занщIэу сыдыхьэжьыжьнукьым сэ,- кьызоIэжьэри кьыхьэуогъэсIыу экI си мурадхэри апхуэдэу щIсэщIынри.

- Кьыдзгурэ?э: Iуэхуэр хэлъатъэущ. Ауэ, ажалым фIэкIа, Iэмал зимыIэ щыIэжьам. Дегупсысынщ. ХэкIыпIэ гуэр кьэдгъэуэтынщ...

- Бжьыхьэр кьыхэзрысар, щыIэ зэрыхьунэр пIыларкьэ жыIэзоIэ, соукIыгъэ. - Сэ мы сщыгъым фIэкIа сиIэкъым, - жызоIэри, си гур кьыхэсфIонэ. ИфIи сиIэтэкъым. Гъэмахэу щыгъынкIи тIэкIуфIэ сыкIыуэ арат Даурэ, сыкьзанэмэ, дыдейхэм нысхуэгъэхьынуI зэрызысхуэпэн. Ауэ абыкIэ зэфIэкIрэт? Сышхэнки хуейкьэ? Сышхэнки хуейкьэ? Кьэзгъэна унагъуэр зыхуэздзэ сщIэжыригъ, сэ абыхэм я пщэм и сэтей? - НэгъуэщI ныбжьэгъуэ БетIалрэ - сиIэ сэ сыхьэкIрэт? Езым кьрефащэ тшхынри итфынри. Абдежми си тхьэкIумэр фIыуэ щысхуиIунтIащ, нэхрэн нэхь гуэрыкьыз кьызэтIысIащ.

- ДызэгурыIуаэу добж, - жери дыкьо тэджьык. У нэм дыкьызэрыщIэкIарауэ, Бубэ кьызэрыщIэкIар: - Зэ логуэ т - жи. Баш пьэнькьуэр ныIыгъ, щIакъу баашыр зи блэгуэщI щIэту абы деж щыт лIым тIэкIурэ йоупIри:

- ЗэхэщIыкъэ зусщми, сщIэркьым, ауэ сыщIымыIуэмэ, уэ у-Отаров Керимкъэ? - жи.

- Ущыуакьым, - жуаш кьет зи кIуэ лъэныкьэр зыпIымытыж ильэсыр. ЗэрыщIыхьэрэ ди ныбжьэгъуэ Iэплъ зэхуащ. Абыхэм я щIыбыр зэрыхьэлъэтым кьыкIыр гурыIуэгъэуэт: зауэм ипIэнджэрэ зэрымылъэгъуа сепIэт гъалIэ хуэныкьуэм. Ягъэ уи, уеджэн уи гугъэмэ, щхьэр умыгъэуэгъ, бгъуэтыр шыхь.

ИфIи сшхащ япэ ипIэкъ ныкьуэр ирухьу стипендие кьызэт сыхьэм ыкьыкIыкIыжьыр кьыдзэ Iуэхуэр. Мис а псори зэпIэкъуэ ящIэ. Ауэ а Iуэхуэр ящIэ, Бубэ Iэ кьыщIэ. Сабгъэдохьэ,

- Мыр ди кьуэш балькьэр у сакIуэ, Зэгъэшыжьу, - жи. Сэ-Отаровым сыкьыгурыIуэ:

- Ди усакIэр щIалэм, Лит ератр я институтым щоджэ, - жери тIэкIу иregъэлей: сыщIэмыIэхьэжу сыщIедзэнэпэмэ, гъэ адзкIэгъэм щIидза щIыкIэтэкъым.

- Укьыдисшам усэшэжьи сигугъатт... Мор икIи нэхьыжщ. ИрихьэкIрэт ежь сащIыкьэжьу дызэрыпIэгъэуакьым. УдэгъэщIыкьынщ. Такси итIысхьи, даих щIыкIуу кIуэж, - жери, зыфIимыгъэIуэжу хуэдзэрэ, ахьшэ гуэр си джанэбгъэ жыпIым кьрелъхьэ. ЗыхьхуащIэну сыкьуэжьати: «Емыкlущ. Мыбы зыкьымыгъашIэ» - кьызоIуащэ.

Бальхьэрэхэр зэрыращэ а лъэныкьым щыщу япэ дыдэу слъэгъуа Отаровым Бубэ сэлам яэохьэкIри сожьэж. Ауэ таксиIэ сыкьуэжауэ щытащ жьыIамэ, пщIыупс сыхьунт.

Людмилэ Ивановнэ щIыхь фIыщIэ Бубэ «я хьэ тыр отьагъуэри», схуэмыгъэщIэхуауэ еджапIэм сыкьыщIонэ. Бжьыхьэ щIыхьэ зыжьыхьэ Бубэ Iуэхуэр. Ифи соукIыгъэ - си джанэ IэщIхь кIэщIымрэ зэманымрэ зэкIуркъым. Институтым сыщIыдзэ, зэрызысхуэпэн ахьшэ кьыс-хуебгъэхь жьысIэу ди дежкъм щахуэстхэр си пIэм сизэгъа ныжькIт. Абыхэм писмор яIэрыкьэхъу, ямыIэ ахьшэр кьаъгъ уэтыкIу, ар кьрагъажьэу къэсIыкIу... Ятэ кьыщар Бубэщ: ар зэрежьэжкIэ тэхъмахуитI дзиIамэ ерагъэнт, ежь ди ныбжьэгъуэ щытам ешхь у, сом минитIым щигIу уафэм кьыщыыскурадзыкьам. Ар кьызыбгъэкIар Альхьым и нэфIыр зыщIыхьэм Къардэн Бубэт. Зэрыгъэсхуэпэн ахьшэ сыуеижькьым жызоIэри, ди дежэр сымыгъэгъэзэжи щхьэжь, зашIэу телеграммэ кьахуэзогъэхь. Тыкьэнэ сокIуэри, си лъакьуэм кьыщыщIэдзауэ си щхьэм нэс зыкьызэхуэлъэ.

Дышыпсэу щIыпIэм пэгъуэ щыхьэщIэтI пщэдзкIыжьмрэ пщыхьэщхьэмрэ студентхэм дыдей, махуэм хуейр зыщIыхьэ щхапIэр. Абы мазэм уагъэшхыну и уасэр псори зэрэ ептын хуейт. Арри есташ. Ауэ з шхыну щапщэфIхэм ящыщу муслымэм унагъуэхэм щыIэрахьэр мащIэ дыдэу. Лых эжIыу щызекIуэу ухар кьызыхьщIыкIар муслымэм хэмэ кьэ я гъэхьэрэм дыдэ псэущхьэм и ныратт Борщ, хьэнтхьупс хуэдэхэм ар хъэвэрти... Сэ шхынкIыжьэу кьыскуэнэр лыхэжьым и гуэрыгъуэ ныщIэнэ гъэварт е кIэртIофIпластэ тIэкIурат. Абы шеи сытефыхьыкьыртри... Абыкlэ псэуэ хуэунт зи дыдэу щIалэ домбейир? Ар зы махуэмэ, махуитIмэ, мазэмэ, мазитIмэ, зыгу эрт. Кьущхьэ хуэ вышIэм сыхуэIэу, килограмм бгъуэщIым нэс си ахьэлъатIэ. Сыльэр сыхуэфIкьыхьыж. Хьущтэ-Сырт дашэ. Мис абы дыщIыху нысIэрохьэ? Мэкъуу кьыкI жэуапIар. Ар шыщхьэIум и 3 мазэ? ПщыхьэщхьуэкIэ хэм дежти, сыкьыщIопхьэри, ужэнмэ - «кьеблагъэ! Нэхущым нэсауэ ди деж сыдолъэджи. Кьэзыхуагъэ. СойгурыкIуэ ныжьхьж. Хьущтэ-Сырт дашэ. Мис абы дыщIэу нысIэрохьэ? Мэкъуу кьыкI жэуапIар. Ар шыщхьэIум и 11-м. Пединститутым хуэзэгъэхьэзыра тхылъхэр зэрыщIэрыщIэ, сыз тхакIуэм зэридзэкIащ Лермонтов Михаил «Ди зэманым и лIыхъужь», Шолохов Михаил и «ЩIыщIэ къэзэрэ» романхэр, нэгъуэщI урыс тхакIуэхэм я тхыгъэхэр.

драматургием и Iуэхур республикэм щегъэфIкIуэну адыгэ театрым зыкьыгетIэлъэныкьэм зэрыкуэм, тхылъ тедзапIэм, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, щэнхабзэм и Iуэхум... Кlэщу жьыIэмэ, ар зыхуэI, псор хуэзэфIдзэдзам, республикэр зэрыщыту фехьулат! Апхуэдэ унафэщI фIыщэриIэмкIэ, ТхакIуэхэм я союзыр фIыуэрехьэлIам щыIэ хэтащ.

- Фадеевым зи гугъу ищIыр Кьар дэн Бубэт. Икlи пэжт абы жиIэр: Бубэ ди унафэщIыфIу, псомэ ди Iуэхур дэгъэкIыным еплIанэ ящIи ежь и ныдэлъфыгъэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр, - жиIэжыр Аскъэрбий.

Фадеевми Шортэнми я псалъэхэр зэрыпэжым щыхьэт тохьуэ ешы Бубэ и тхыгъэхэм хэмIэсуэ фIэкIа зэрыщэрымыпщытари: нэгъуэщIхэм, республикэ псом и щэнхабзэм я Iуэху зехуэным кьыдэмыхуэу зи щхьэр хэтIауэ лэжьа Къардэн ныи я ятэ тхылъыр («Сэлэтым и гъуэгу») кьыщIидзкIар 1961 гъэращ. Сызыгъэжакъуэ пэта «щы ныбжьэ щыкIуэ урысыбзэ тхэныжмкIэ кьыщысхьам «сыбзэ гъэру» зыльытэ Бубэ урысыбзэр зищIысыр ищIэт. Ар бзэмкIи иритхэфырти, и ешуа-ни

● Лъэпкъ Іуэху

Шууейхэм адыгэ сэнжакъхэр къахь.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Дауэдапщэм кърихьэлІащ КъБР-м и ветеранхэм я Советым и лІыкІуэ Пщыбий СультІан, Адыгэ театрым и нэхъыжьыфІ Мысостышхэр Пщыэбий, Сирие Хьэрып Республикэм и Парламентым и кІудамэм и унафэщІ Абазэ Шэрэф, Истамбул Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Тумэ Рэхьми, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ Мухьэмэд, хьэрычэтыщІэ Сэбаншы Назми, усакІуэ Тхьэзэплъ Хьэсэн, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Іуэхуэхэр зезыгъакІуэ Мэкъуауэ Амир сымэ.

«Адыгэ дуней» зыфІаща Дауэдапщэ-джэгум

Тхьэмахуэ махуэм цІых у куэдыщэ щызэхуэсат Абхъазым и утыкІ. Адыгэ жэм я мызакъуэ, нэгъуэщІ лъэпкъхэри кІыззкІуэлІа зэІущІэ гъэщІэгъуэным, «Адыгэ дуней» зыфІаща дауэдапщэ-джэгум и кІуэцІ филологие щІэныгъэхэм я доктор Щыпінэ Асльэнрэ «Начохэ я гъавэхэкІ» мэкъумэщІу жуущапІэмрэт.

ЦІЫХУХЭМ дэрэжэгъуэ ин къаритту утыпкІи щекІуэкІ Іуэхугъуэ дахэм уахэплъэрэ укъызедекІуэкІым, уахуоэз ди лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ кІыдекІуэкІ хьэпшып ззэхуэмыдэ кІрагъэувэкІахэм. Бжьэ гъэхъуныр зи лъым хэт жыпІэкІэ ущымыуэну Щыпінэ Асльэн а лэжьыгъэм ехьэлІауэ къэбгъэльагъуэ хь унух эр пхьэбгъуэхэм кІыгъригъэ уат. Мыдрей лъэныкъэмкІэ щыбольагъу «Начохэ я гъавэхэкІ» мэкъумэш Іуэхущапіэм игъэхьэзыр шхыныгъуэхэр: щІакхъуэ, кхъуей зэмылІэужьыгъуэхэр, гъавэхэкІ куэдыкІейхэр, нэгъуэщІхэри.

Зы лъэныкъуэмкІэ шыуаныш-хуэм хэлъу лыр щовэ, адрейкІэ пІастэ щащІ, ещанэмкІэ щагъажьэ лэкъум пщтырымкІэ къыззхуэсахэр ягъэтхъэж, зэхуэсыр фо махъсымэншэуи зэфІэкІыркъым. Нэм кьиплъыхьыр дэрэжэгъуэр зи куэд, ялъагъу псори зыфІэгъэщІэгъуэну къэзыплъыхь цІых ух эрщ. «Адыгэ дунейм» къэкІуахэм яхьыбольагъуэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ цІыхухэр, нэхъыжьыфІхэр, ди гъунэгъу республикэхэм къикІа хьэщІэхэр, уеблэмэ хамэ кьэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщхэр. Дэтхэнэ зыми фІэтелъыджэщ ильагъу псор. Лъэпкъым къыдекІуэкІ хабзэхэм, кьигъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэм зы мащІэ нэхъ мыхъуми щыгъуазэхэм я псэм и гъунэгъущ утым щаІэт Іуэхугъуэр. Зыри хэзымыщІыкІыу кІыззыщыхьухэми хьэпшыпхэр зэпаплъыхь, зищІысыр зэрагъэщІэну яфІэигъуэщ.

АдэжкІэ кьэхъур иджыри кьэтлъэгъуам ящхьэжщ. Кьыззхуэсахэм кьахохьэ ЦІыпІынэ Асльэн зи пашэ шууейхэр. Мыбы теухуауэ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадекІуэкІ хабзэхэм фы дыдэу хьуымыщІыкІыу плъэгъуа кьудейм утепсэлъыхьыныр зэрымащІэр кІыдгурыІуэрти, дэр ар тхуэзэпкрихьину Асльэн делъэІуащ:

- Кьеттыжьэа Іуэхугъуэм и гугъу пщІымэ, адыгэ дауэдапщэхэм нэхъыщхьэу кьэслытэ, цІыхум нэхъ яфІэгъэщІэгъуэным зыбжанэ кхъухэсэкъуэкІри утыку кхисхьауэ аращ. Шухэм нэхъ тегъэщІауэ жыпІэмэ, фэри зэрыфльэгъуащи, абыхэм ящІыгъащ адыгэ пщы уэлийхэмрэ зи цІэр тхыдэм кхъыхэна адыгэ уэркъэхэмрэ я дамыгъэхэр - сэнжакъэхэр. СэнжакъщІэ т-гъуэгурыкІуэхэр кхыззрысымкІэ хэгъэрейхэм хьыбар едгъащІэу гъуо дгъэджащ. Абы гъуо цыкІур кхыпэджэжа иужьщ Іуэхум и Іыхьэ нэхъыщхьэм щыщІидзэр.

Матэм иль мэкъу дыгъэлым джэдыкІэхэр хэльу хьыджэбзхэм кърахьэри, ахэр гъуэгум къытралъхьащ. ДжэдыкІэеуэ щухэм ящІащ, зэрышэрыуэр ягъэлъагъуэу.

АдэкІэ щІалитІым лэгъуп цыкІум иту щухэм щыгъушипс пэрахьэжьащ. Шыгъушипс утхым и мыхьэнэ нэхъыщхьэр ди адэжьхэм зыхалъагъуэу щытар гъуэгум къыщыхьу зэгурымыІуэныгъэхэр, зэныкъуэкъухэр лъэныкъуэ егъэзауэ зэкІужьн зэрыхуей гупсысэрщ.

Щыз зэрыльфальэр ИныгъыІу щІалэщІэ къапежьэу, абы иныгъыр гъавэ зэрыпрасэу щытхэм хуэдэу щым зэрытрипхьэжам гупсысэ нэхъыщхьэу щІэлыр адыгэхэм къадекІуэкІ «Щым и пцІанапІэм техьэн» жыІэгъуэм и купщІэрщ. Щыр пцІанэкъым, берычэтщ, фэркІэ зэІухащ кьикІыу аращ.

Щыпінэм и къэльтмакъым кьрихьу утыкум щыхитІа дыдымкІэ кьигъэльэгъуар Абхъазым и утым дежь дяпэкІи щызэхуэсыну лъэпкъым и пащхьэм тхьэрыІуэ зэрыщащІырщ.

Хэгъэрей нэхъыжьхэу гъуэгурыкІуэхэм къапежьаэм кьабгъэдэкІыу кьахуепсыхахэм жьэхьу дах экІэ захуигъэзащІУФ-м щІыхь зиІэ и артист, Абхъазым и щІыхьуб артист Мысостышхуэ Пщыэбий. Абы псалъэ гуапэкІэ пэджэжри, кьыхуащиа махъсымэм ЦІыпІынэр хэІубащ.

«Мыр сыту пІэрэ зищІысыр?» е «Сыту пІэрэ мыр утыку кьыщІрахьар?» упщІэхэр щыІэжакъым пхъэльантхъуэ - шы фІэдзапІэ кьэс бгъэдыхььуэрэ абыхэм фІэдза хьэпшыпхэр кьызэрагъэсэбэпу щытар, кьыззрагупсысыгъар гугъэззэгъуэ Асльэн зэпкъриха иужь. Абы кьызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ хьыбарыжь кІудым, Лъэпщ гъукІэм теухуам, Тамбий и къуэ Кьабардэ щы зэрыпичам деж щегъэжьауэ гъавэзэкІхэм я кьэуатым, бжьэр зэрыдаудэ щыкІэм, адыгэ кхъащхьэдэсэм и тхыдэм, нэгъэущ Іэджэми деж щыщІэкІыжу.

И хьыбархэр Іуэтэн иуха иужь, Асльэн псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ Іуэхур кьыдезыхьэжьа Начо зэкъуэшхэм, щІэгъэкъуэн кьыхуэхьуа псоми.

- Псом хуэмыдэу фІыщІэшхуэ хуэсщІынут мы утыкум щыфІльагъу адыгэ выгур зи ІэдакъэщІэкІ, Зеикъуэ кьуажэм щыщ нэхъыкьыфІ Жылау Заудин, - жиІащ Асльэн. - ХьэтІохьэщыкъуей кьуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Согуэ Анзоррэ Заудинрэ кьабгъэдэкІыу ар тыгъэ кьыскхуащІауэ щытащи, хуабжьу сыщогуфІыкІ. Апхуэдэуи кьыхэзгъэщІыну сыхуейт Жылау Хьэсенрэ Бейщыкіу Асльэнрэ я цІэхэр. Щхьэлыкъуэ кьуажэм щыщ ХьутІэ СультІанщ мы утыкум щыфІльагъу хьэпшып псори зыщІар.

ИщхьэкІэ зи гугъу тщІа сэнжакъхэр щыпІэ куэдым щыІэ архивхэм щызэхуэзыхьэсыжа Махьсидэ Анатолэ «Іхьэм угъэпсэу» жесІэну сыхуейщ. Абы кьиІуэтэжа дамыгъэхэм тетщыкІыжкаэрщ дэ кьэдгъэсэбэпар.

Асльэн утыкум кьриша Начо зэкъуэшхэу Хьэсэнрэ Хьэзрэталийрэ кьызэхуэса псоми фІыщІэ хуащІащ, дяпэкІи я гуапэу адыгэ Іуэху зэрыхэтынур кьыхагъэщащ.

ЗэІущІэр щІалэгъуалэм я джэгу дахэкІэ зэхуащІыжащ.

ИСТЕПАН Залинэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Тхьэмадэм и хьуэжьу.



Гъуор маджэ.

ЦІыпІынэ Асльэн и псалъэ.

Дакъикъэ бжьыгъэкІэ пІастэр хьэзыр хьунущ.

Сабийхэми я Іутіыжт.

● Футбол

ЕтІуанэ Іыхьэр налшыкдэсхэм къахь

Европэм и щІалэгъуалэ чемпионатым, 2009 гъэм екІуэкІыщ, хэтыщхэр кьыщыхах зи чэзу зэІущІэ жэпуэгъуэм и 12-м Мэзкуу щызэхтащ.

«СПАРТАК-Налшыкым» и футболиститху зраджа Урысей Федерацэм и щІалэгъуалэ гуп кьыхэхам кьригъэблэгъащ Къэзахьстаным и командэр. Яп эзІущІитІым ди щІалэхэр зэрытекІуам унгъэгъэрт кьыкІэльыкІуэри мыпэхъ Іейуэ ирагъэкІуэкІыну. Апхуэдэуи кьыщІэкІащ - зэІущІэм и япэ Іыхьэр хэгъэрейхэр 2:0-у текІуэу ихуащ. КъыкІэльыкІуэ Іыхьэр «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм яйт - загъэпэсхуу кьихьэжа нэужь, Файзулин Виктор бжыгъэм хигъэхъуащ. КъыкІэльыкІуэу хьэщІэхэм я гъуэм Іэзэу топ дигъэкІащ икІи 4:0-у УФ-м и командэр тригъэкІуаІ ди лъэпкъэгъу, налшыкдэсхэм я гъащхьауэ Кьэжэр Назир. ЗэІущІэм фІы дыдэу зыкъащигъэльэгъуащ Самсонов Олег.

Кьыхэдгъэщынщи, мыр Назир къэралым и щІалэгъуалэ командэ кьыхэхам хэту дигъэкІа и яп топщ, Файзулиным и дежкІэ етІуанэщ.

КъыкІэльыкІуэ зэІущІэр УФ-м и щІалэгъуалэ командэ кьыхэхам нобэ Польшэм щригъэкІуэкІынущ. Ар эфир зищІэкІэ кьитынущ «Спорт» телеканалым сыхьэт 17-рэ дакьикьипщІым щІидзэу.

ЖЫЛАСЭ Замир.

«Спартак-Налшыкым» и топджэгухэм я зекІуэ

Налшык и «Спартакым» и футболистхэр дызыхуэкІуэ гъэм республикэ чемпионатым хэтыну Іэмал зыгъуэта, Шэрэдж районым и «Іоговаз» футбол клубым иджыблагъэ щыІащ.

ТОПДЖ ЭГУЭУ Риккардо, Джудович, Самсоновым, Альваро, Добре, Пилипчук, Узденовым, Мэшыкъуэм, тренер Трубицын Сергей сымэ я Іэ зытедза футбол топ ныбжьыщІэхэм ирагащ икІи ныбжьэгъуэ зэрыщІэ драгъэкІуэкІащ. Бысымхэм спартаковцхэм хьэщІагъэ кърахащ, я щІыуэпс дахэм зыщрагъэпльхьащ. Шэрэдж куейм щыпсэухэм - фІэболым дихьэхэмрэ ныбжьыщІэ хэмрэ - я дежкІэ гукъынэжь зэІущІэр концертрэ джэгукІэ нухащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Дзюдо

Дихьэхэм къахохьуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыяпэу Шэджэм къалэ дэт спорт комплексым щекІуэкІащ дзюдомкІэ (цІыхухъуэхэри цІыхубзхэри) ИпщэфедералщыІналъэм и чемпионат. Абы кърихьэлІат Урысейм и Ипщэ щыІналъэм и спортсмен цІэрыІуэхэр. Махуищкіэ екІуэкІа зэпеуэм наІуэ щыхъуащ а спорт пІэуэкІыгъэмкІэ нэхъ лъэщхэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кьрихьэлІа спортсмен 300-м яхэту, ди республикэм и щІыхьыр яхьумащ «Гладиатор» спорт клубым и гъэсэн 50-м.

ХьэщІэхэм гукъынэжь ящІыхъуащ КъБР-м дзюдомкІэ и федерацэм, «Гладиатор» спорт клубым, физкультурэмрэ спортымкІэ республикэм и ПУБЛИКЭМ и гъэсакъэ ІуэтэнымкІэ щІэныгъэлІхэм я ІуэтэнымкІэ щІэныгъэлІхэм я ІуэтэнымкІэ щІэныгъэлІхэм я